R.A.Yo‘ldoshevning o‘quvchilarni hikoyalashdan bezdirmaslik, aksincha, bu ishga qiziqib yondashishlari kerakligini ta’kidlab, shunday yozadi: «Dastlabki hikoyalash mashqida nisbatan murakkablikdagi ko‘nikmaning hosil bo‘lishi ta’minlanishi kerak. O‘quvchilardan biror yangi tovush-harfni, orfoepik qoidani, bir nechta yangi o‘rganilgan so‘zni, bir-ikki grammatik vositani, sintagmatik talaffuzni, ravonlik va tezlikni bir yo‘la talab etish vazifani murakkab, qiyin qilib qo‘yadi. Shu bois dastlabki faollashtiriladigan til hodisalarini cheklash, shu maqsadda ularning bir qismini ko‘nikma, shuningdek, malaka shakllana boshlaganlari bilan almashtirish lozim bo‘ladi» [1].

Xullas, ta’lim rus tilida olib boriladigan boshlang‘ich sinflar qoraqalpoq tili darslarida o‘quvchilar nutqini o‘stirishda hikoya qilish mashqlariga ustuvor ahamiyat berish har tomonlama asosli bo‘lib, ushbu ish turining metodik ta’minotidan bilib foydalanish taqozo etiladi.

**Adabiyotlar**

1. Yo‘ldoshev R.A. Ta’lim rus tilida olib boriladigan maktablarda o‘zbek tilini o‘qitish metodikasi: Monografiya. –Toshkent: «Fan va texnologiyalar Markazi», 2015. 49-b.

2. Тошхўжаева Д.Р. Таълим рус тилида олиб бориладиган мактабларнинг ўзбек тили дарсларида матн асосида ўқувчиларнинг нутқинит ривожлантириш. / Пед.фан. номз... диссертацияси. –Тошкент: 1999. 133-б.

3. Зимняя И. Л. Психология обучения иностранным языкам в школе. -М.: «Просвещение», 1991. – С. 200.

4. Йўлдошев Р.А. Ўзбек тили дарсларида ўқувчиларнинг оғзаки нутқини уларни кўп гапиртириш орқали ўстириш методикаси (Таълим рус тилида олиб бориладиган мактаблар мисолида): Монография. – Тошкент: «Fan va texnologiya», 2012. 8-б.

5. Демьяненко М.Я., Лазаренко К.А., Мельник С.В. Основы общей методики обучения иностранным языкам: Теоретический курс.Изд. 2, доп. и перераб. Под общей ред. М.Я.Демьяненко. – Киев, “Вища школа”, 1984. – С. 65.

**REZYUME.** Mazkur maqolada ta’lim rus tilida olib boriladigan boshlang‘ich sinflar qoraqalpoq tili darslarida o‘quvchilar nutqini o‘stirishda hikoya qilish mashqlariga ustuvor ahamiyat berish masalasi yoritilib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье освещается вопрос о значении придания приоритетности упражнениям по рассказыванию в развитии речи учащихся на уроках каракалпакского языка начальных классов с русским языком обучения.

**SUMMARY.** This article highlights the importance of giving priority to storytelling exercises in the development of students’ speech in primary school Karakalpak language lessons with Russian as the language of instruction.

## МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ЖАСТАҒЫ БАЛАЛАРДА ОПЕРАЦИЯЛЫҚ ОЙЛАЎДЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДИҢ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ АЙРЫҚШАЛЫҚЛАРЫ

**Т.В.Уразимова** - *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** психология, тезкор фикрлаш, ақл-заковат, мактабгача ёш, ёш хусусиятлари.

**Ключевые слова:** психология, операционное мышление, интеллект, дошкольный возраст, возрастные особенности.

**Key words:** Psychology, operational thinking, intelligence, preschool age, age characteristics.

Объективли шынлықты билиў балаларда сезиўлерден ҳәм өзлестириўлерден қәлиплесе баслайды ҳәм тек ғана усыннан кейин, сезиў арқалы қабыл етилген мағлыўматларға тийкарланатуғын, ойлаўға өтиў процеси жүз береди, бирақ, усы арқалы билиўдиң шегараларын кеңейте отырып, оның шегарасынан шығып кетеди. Өзиниң тийкары бойынша ойлаў жаңа мағлыўматларды қабыллаў ҳәм түсиниў, мағлыўматлар арасынан дурыс бағдар табыў уқыплылығы болып табылады. Соның менен бирге биз, ойлаў процесиниң, биринши гезекте, анық белгили емес, ал оның тәжирийбесинде адамға тиккелей, сол турысында берилмеген улыўма сыпатларды ҳәм нызамлылықларды өзиниң санасында аңлаўы ҳәм түсиниўи болып табылатуғынлығын умытпаўымыз керек. Усыған байланыслы ойлаў, оның барысында алынған мағлыўмат тийкарында сол ямаса басқа машқаланың шешилиўи болып өтетуғын, жаңа билимлердиң ашылыўының психологиялық процеси болып табылады.

Балалардың операциялық ақыл-ойының жасына байланыслы өзгешеликлерин қарай отырып, биз Ж.Пиаже тәрепинен айырып көрсетилген төрт басқышқа тоқтап өтемиз:

1. Баланың сенсомоторлық ақыл-ойының раўажланыўы туўылған ўақтынан баслап еки жасқа шыққанға шекемги дәўирге туўра келеди. Бул ўақытта бала, оны қоршап турған дүньяны предметлер арқалы, олардың турақлы сыпатларында ҳәм белгилеринде қабыл етеди ҳәм өзлестиреди.

2. Баланың раўажланыўының еки жастан жети жасқа шекемги, екинши басқышы операциялық ойлаў менен байланыслы. Бул жерде тийкарғы айрықшалық баланың сөйлеўиниң қәлиплесиўи, олардың тийкарында көрсетпели түсиниклер пайда болатуғын, предметлер менен сыртқы ҳәрекетлердиң интериоризациясы, өз ара бейимлесиўи болып табылады.

3. Келеси басқыш жети – сегиз жастан он бир – он еки жасқа шекемги аралықта көринеди ҳәм затлардың анық белгили операциялық ҳәрекетлер ислеўи менен байланыслы. Бул басқыш қәддин тиклей алатуғын ақыл-ойлы ҳәрекетлер менен сыпатланады.

4. Он бир – он еки жастан он төрт – он бес жасқа шекемги аралық формаль операциялық ҳәрекетлер басқышы болып табылады. Бул басқышта бала логикалық ойлап көриўден ҳәм түсиниклерден пайдалана отырып өзиниң ойы менен ҳәр түрли ҳәрекетлерди ислеўи мүмкин.

Жасына байланыслы операциялық ақыл-ойдың жоқарыда көрсетилген бөлиниўи тийкарында, биринши еки бөлимниң айрықшалықларын есапқа ала отырып, мектепке шекемги жастағы ойлаўдың раўажланыўының өзгешеликлерин ашып көрсетиўге ҳәрекет етемиз.

Мектепке шекемги жас, ҳақыйқатында да баланың өмириндеги ең әҳмийетли дәўирлердиң бири. Усының менен бирге ҳәр бир баланың қайталанбайтуғынлығын ҳәм сийрек ушырасатуғынлығын уникаллығын умытпаў керек. Сонлықтан оның инсан сыпатындағы қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы процеси де жекке өзине тән ҳәм сийрек ушырасатуғын болыўы тийис. Өзиниң дүньяны белсенди үйрениўинде бала дыққатқа, өзлестириўге, ядқа, ойлаўға, көз алдына келтириўге ҳәм сөзге тийкарланады.

Мектепке шекемги жастағы балалардың ойлаўының айрықшалықларын қарай отырып, биз ойлаўды ҳақыйқатлықты улыўмаластырылған ҳәм ақыл мийнети менен алынған түрде сәўлелендириўдиң жоқарғы билим беретуғын процеси сыпатында қараймыз. Соның менен бирге мектепке шекемги жаста балаларда ойлаўдың раўажланыўының айрықшалықлары ойлаўдың ҳәрекетли түриниң раўажланыўының даўам еттирилиўи менен сыпатланады. Бул жерде биз өзине тән болған төмендеги айрықшалықларды айырып көрсете аламыз:

1. Әдеўир үлкенирек мектепке шекемги жастағы балаларда анық белгили мәселени шешиўде, оның аўыз еки түрде билдирилген, ойда тутып шешилиўи жүз береди.

2. Баланың ҳәрекетиниң мазмунының өзи де өзгереди, оған ақырғы мақсет түсиникли, бирақ анық белгили мәселени шешиўдиң жағдайлары түсиниксиз. Сонлықтан, биз баланың ҳәрекетлери тәртипсиз ҳәм тәжирийбе өткериўшилик сыпатқа ийе деп айта аламыз.

3. Жоқарыда айтып өтилгенлерге байланыслы ойлаўдың мазмунының өзи де өзгереди. Бала ҳәрекетли басқышты басып өтеди ҳәм аўызеки, жобаластырыўшы, баҳалаўшы, сын көз бенен қараўшы басқышқа өтеди.

4. Соның менен бирге ойлаўдың ҳәрекетли түри, баланың тәжирийбесиниң резервинде қала отырып, оның жаңа мәселелерди шешиўинде пайдаланылады [1:245].

Мектепке шекемги жастағы бала, олардағы улыўма белгилерди таба отырып ҳәм оларға тән болған өзгешеликлерди айырып көрсете отырып, өзин қоршап турған затларды өзинше топарларға бөледи, классификациялайды.

Заттың әҳмийетли сыпатларын бала искерлик процесинде айырады. Соның менен бирге бул процесте затлар, бала иске асырып атырған анық белгили ҳәрекетлер менен байланыстырылады. Затларды салыстыра отырып бала, бир жағынан қарағанда олардың уқсас екенлигин, ал басқа тәрепинен қарағанда айырмашылығы бар екенлигин белгилеп өтеди. Бул бақлаў мәселениң қайсы бөлимлери ямаса сыпатлары усы ўақытта әҳмийетли екенлигине байланыслы болады. Сонлықтан, бала затларды сол заттың өзиниң логикасынан, яғный заттың неге арналғанлығынан, оның менен нени жақсырақ ислеўге болатуғынлығының мәнисинен келип шығып пайдаланатуғынлығы ҳаққында айта аламыз. Жаңа, ақыл менен ойлап исленетуғын интеллектуал мәселелерди бала өзиниң түсиниклерин тәртипке салып системаластырыў, оларды белгили бир категорияларға бөлиў, олардың улыўмалықларын ҳәм айырмашылықларының мәнисине түсиниў тийкарында шешеди.

Раўажланыў барысында баланың образлы ойлаўы оғада анық белгили ҳәм жағдайға байланыслылықтан бир қанша абстрактлыға айланады. Бул басқышта бала затларды олардың сыпатларының пүткил толықлығында ҳәм ҳәр түрлилигинде түсинип алыў менен шекленип қалмайды, ал оның әҳмийетли қәсийетлерин ҳәм қатнасларын да айырып көрсете алады. Сонлықтан балада, оның предметтиң ҳәр түрли схемалы сүўретлеринен жақсы пайдалана алыў уқыплылығында көринетуғын, көрсетпели-схемалы ойлаў қәлиплеседи.

Мектепке шекемги жастағы баланың ойлаў процесиниң баян етилеген өзгерислерине төмендегилер себепши болады:

1. Әмелий искерлик көлеминиң кеңейтилиўи тийкарында бала үлкен адамлардың тәжирийбесин барған сайын толығырақ өзлестиреди.

2. Оның мүмкиншиликлерине сәйкес түрде, баланың талапларының өсип артыўы оның алдына көбирек ҳәр түрли ҳәм қыйынырақ мәселелерди қояды.

3. Жаңа сөз байлықларының өзлестирилиўи барысында сөздиң мәнисиниң жаңа сапалық дәрежеге өтиўи жүз береди.

Әлбетте, балалардың ойлаўының раўажланыўын үйрене отырып, биз баланың, оған тек ғана анық белгили мәселелерди шешиўге мүмкиншилик берип қалмай, ал оны шешиўдиң усылларын түсинип алыўына да мүмкиншилик беретуғын, сөзликти ҳәм сөздиң грамматикалық қурылысын өзлестириўине дыққат аўдарыўымыз керек.

Ойлаўдың ислеп шығылған, онда ойлаў процеси қабыл етиўге, көз алдына елеслетиўге ямаса түсиникке тийкарланған, топар классификациясына тийкарлана отырып, биз ойлаўдың төмендеги түрлерин айырып көрсете аламыз: предметли-ҳәрекетли; көрсетпели-образлы; аўызеки-логикалық. Ойлаўдың раўажланыў процеси бул көрсетпели-ҳәрекетлиден көрсетпели-образлыға ҳәм оннан кейин сөз бенен айтып бере алыўға болатуғын ойлаўға өтиў. Бала образлы ойлай баслайды, бирақ ол еле үлкен адамның ақыл менен ойлап көриў логикасына ийе емес. Ҳәм тек ғана мектепке шекемги жастың ақырында балада улыўмаластырыўға, байланысларды орнатыўға бейимлик пайда болады. Бул процесс ақыл-ойдың алдағы ўақытта раўажланыўы ушын оғада әҳмийетли, себеби ақыл-ойға тийкарланған мәселелердиң көплеген түрлерин шешиў бәрҳама образлы планда иске асырылады. Образлы көз алдына келтириў мәселениң шәртлерин, олардың ҳақыйқатлық пенен тиккелей байланысын түсиниўге, ҳәм ең баслысы шешиўдиң барысын қадағалаўға жәрдем береди.

Ойлаўдың ҳәм оның ҳәр қыйлы формаларының жоқарыда белгилеп өтилген түрлериниң раўажланыўын тезлетиўге болады, бирақ соның менен бирге олардың басқышпа-басқыш өтилиўин өзгертиўге болмайды. Ойлаўдың бул түрлериниң барлығы ойлаў ҳәрекетиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында әҳмийетли роль ойнайды. Солай екен, ойлаў процесин тезлетиў ушын үлкен адам менен биргеликтеги предметли искерлик керек, бул баланың билим алыўшылық раўажланыўының тезлесиўине ҳәм муўапықластырылыўына тиккелей тәсир етеди.

Сонлықтан баланың алдына белгили бир мақсетлерди қоя отырып, оның ушын ҳақыйқатында да тәсир етиўши болып табылатуғын, яғный бала ушын ең әҳмийетлирек болған мақсетке умтылдырыўшы себеплерлердиң мазмунын есапқа алыў керек. Мәселениң булайынша қойылыўы, бул басқышта оның өзиниң тилеклерине туўра келетуғын, үлкен адамның тапсырмаларын баланың әдеўир толығырақ ҳәм жақсырақ орынлаўына себепши болыўы мүмкин. Турақлы болыўы тийис болған бирден бир қағыйда, улыўма мақсет, егер ол әзелден бала тәрепинен унамлы қабыл етилген болса да, бәрқулла айырым алынған мақсетлерде анықластырылған болыўы тийис, сонда ҳәр бир бөлимдеги мақсетке ерисиў бир қанша аңсатырақ ҳәм ҳақыйқый болады.

Факторлар жыйындысы тийкарында мектепке шекемги жастың ақырына келип бала улыўмаластырыўға ҳәм предметлер ҳәмде жағдайлар арасындағы байланысларды орнатыўға бейимлигин көрсетеди. Бул баланың ақыл-ойының алдағы ўақыттағы раўажланыўы ушын әҳмийетли.

**Әдебиятлар**

1. Люблинская А.А. Детская психология. -М.: «Просвещение», 1971. -С. 245.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола мактабгача ёшдаги болаларда оператив фикрлашни шакллантиришнинг психологик хусусиятлари муаммосига бағишланган. Болаларнинг оператив интеллектнинг ёшга боғлиқ хусусиятлари кўриб чиқилади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена проблеме психологических особенностей формирования оперативного мышления у детей дошкольного возраста. Рассматриваются возрастные особенности операционного интеллекта детей.

**SUMMARY.** The article is devoted to the problem of psychological characteristics of the formation of operational thinking in preschool children. The age-related characteristics of children's operational intelligence are considered.